



## KOMINIKE

**Vil Niagara Falls nan peyi Kanada deklare 18 me 2021 an, « Jounen Ayiti », nan okazyon 213 lane kreyasyon drapo Ayisyen an.**

Anbasad Repiblik Dayiti nan peyi Kanada kontan anonse piblik la an jeneral ak kominote ayisyen nan Kanada an patikilye, otorite minisipal Niagara Falls yo deklare jou 18 me 2021 an, « Jounen Ayiti », pou rann omaj ak Ayiti nan okazyon 213 lane kreyasyon drapo ayisyen an.

Nan sikonstans lan, drapo ayisyen an ap monte pandan tout jounen 18 Me a nan vil Niagara Falls. Epi, nan aswè, Chit dlo Niagara pral limen ak koulè Ayiti ki se ble ak wouj. Sepandan, sit la pap ka akeyi vizitè akòz mezi restriksyon ki gen pou wè ak pandemi COVID-19 la. Se sak fè gen yon lyen livecam Niagara Falls Illumination Board kreye, pou pèmèt piblik la kontanple eliminyasyon chit la pandan yo an sekirite lakay yo. <https://www.cliftonhill.com/niagara-falls/livecam>.

Anbasab Ayiti nan peyi Kanada pwofite okazyon sa pou eksprime gratitud pèp ayisyen an bò kote otorite yo nan vil Niagara Falls epi di yon gwo Mèsi espesyalman a majistra vil sa, onorab Jim Diodati. Remèsiman an dwe rive jwenn tou Niagara Falls Illumination Board paske yo te reponn ak demand Anbasadè Weibert Arthus.

Se premye fwa Ayiti ap resevwa yon omaj konsa nan men vil Niagara Falls, yonn nan pi bèl mèvèy nan mond lan. Inisyativ sa se yon temwanyaj fòs lyen solidarite ak zanmitay ki ini Ayiti ak Kanada.